



Byenvni nan KESYON AK REPONS ki gen pou wè ak vizit prevansyon Medicare la

K : Kisa vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » ye ? Pouki sa mwen ta dwe fè li ?

R : Vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » ba w kontwòl sou sante w ak sou Medicare ou depi nan kòmansman. Yo ofri vizit prevansyon sa a pandan premye lane ou enskri nan Medicare, e vizit konplè sa a se yon fason ki fasil pou oumenm ak doktè w pou nou etabli yon pwèn referans ki presi pou sante w ak pou lavni.

Koumanse 1ye janvyè 2011, l ap gratis pou tout moun ki gen Medicare.

K : Kisa ki peye pandan vizit prevantiv sa a ?

R : Oumenm ak doktè w ap egzamine istorik medikal ak fanmilyal ou, nou pral evalye eta sante ak preskripsyon ou yo e n ap fè tès ak depistaj ki pral pèmèt nou toulede etabli yon liy debaz pou swen sante ki personalize pou lavni. Se yon opòtinite pou w ansanm ak doktè w pou nou diskite demach akoutèm ak alontèm pou anpeche maladi devlope e pou w kontinye anfòm. Apre vizit prevansyon an, doktè w ap prezante w ak yon plan oswa yon lis kontwòl ki endike tès ak sèvis prevansyon ou ta dwe fè yo.

Epitou, ankouraje doktè w pou l diskite avèk ou benefis prevansyon ansanm ak lòt sèvis ki disponib pou w grasa Medicare. Se lè sa a tou pou nou asire nou y ap respekte swè w yo konsènan swen sante ou ta renmen genyen alavni.

K : Konbyen lajan vizit prevansyon an koute ?

R : Vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » gratis pou pifò moun ki gen Medicare.

K : Mwen gen yon Plan Medicare Advantage. Èske mwen kapab benefisye vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » la kanmenm ?

R : Wi. Vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » la disponib pou moun ki gen Plan Medicare Advantage yo. Tcheke ak plan ou pou chèche konnen si vizit la gratis pou w tou.

K : Kijan mwen kapab jwenn benefis vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » an ?

R : Li fasil pou jwenn benefis vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » an. Si w deja gen yon doktè koulye a, ou annik poze l kesyon sou li e fè yon randevou.

K : Si doktè m deja konnen istorik sante m, ki benefis ki genyen pou m fè vizit prevansyon sa a ?

R : Enskripsyon nan Medicare se yon demach enpòtan pou swen sante w. Nan kòmansman nouvo etap sa a, vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » se yon opòtinite pou yo fè yon evalyasyon konplèta sante w e li etabli yon liy debaz pou swen sante doktè w ba w ki pèsonalize pou lavni.

Vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » se plis pase yon vizit nòmal e li pral pèmèt ou ak doktè w diskite demach akoutèm ak alontèm pou anpeche maladi devlope, pou amelyore eta sante w e pou w rete anfòm. Se lè sa a tou pou nou asire nou yo pral respekte swè w yo konsènan swen sante ou ta renmen resevwa yo alavni.



K : E si mwen pa gen doktè ?

R : Si w pa gen doktè, rele nan 1-800-MEDICARE (Malantandan : 1-877-486-2048) pou w kapab jwenn yon lis founisè ki nan zòn ou e ki aksepte Medicare. Si w bezwen asistans nan yon lang ki pa Angle oswa Panyòl, pale di « Ajan » pou w kapab pale ak yon reprezantan sèvis kliyantèl. Apre sa, fè yon randevou avèk doktè w pito a.

K : Pandan konbyen tan mwen kapab benefisye vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » apre mwen fin enskri nan Medicare ?

R : Yo ofri vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » pandan 12 premye mwa apre w enskri nan Medicare. Apre w fin enskri, li enpòtan pou w òganize vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » ou an touswit.

K : E si mwen enskri nan Medicare depi pi lontan pase 12 mwa. Èske mwen toujou kapab benefisye vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » lan ?

R : Non. Apre peryòd 12 mwa an fin pase, w ap dwe pran yon randevou pou vizit ou sou fòm yon vizit byennèt chak ane, men se p ap yon vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » ankò.

K : Kisa vizit byennèt anyèl lan ye ?

R : Se yon vizit ki nesèsè pou elabore oswa pou mete ajou yon plan prevansyon pou w sèlman, sou labaz eta sante w ak faktè risk ou genyen koulye an. Ou p ap dwe peye anyen pou benefis sa a si doktè a patisipe nan pwogram Medicare la. Medicare peye pou sa yon fwa chak 12 mwa.

K : Kisa mwen ta dwe fè pou pare m pou vizit prevansyon an ? Kisa mwen ta dwe pote ?

R : Si w vle fè vizit la trè pozitif pou w, ou ta dwe pote bagay ki annapre yo lè w ale nan vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » an :

- Dosye medikal, ikonpri kanè vaksinyasyon (si se premye fwa w al wè doktè sa a)
- Istorik sante fanmi w – anvan randevou w lan, eseye jwenn tout enfòmasyon ou kapab konsènan tout maladi fanmi w deja genyen anvan ou vin nan vizit la ; kèlkeswa enfòmasyon ou bay doktè w, sa gendwa ede l wè si w gen risk pou devlope sèten maladi.
- Yon lis medikaman sou preskripsyon ak medikaman san preskripsyon w app ran koulye a, konbyen fwa ou pran yo e pouki sa.

K : Doktè m pa t pale m ni de vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » ni de vizit byennèt anyèl la. Èske mwen fèt pou m mande l ?

R : Si w te enskri nan Medicare nan 12 dènye mwa ki sòt pase yo, ou ta dwe mande doktè a kesyon osijè vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » la. Vizit la ba w yon seri konple referans ki ede w pran responsabilite eta sante w ansanm ak Medicare w lan depi nan kòmansman. Tankou pou vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » an, vizit byennèt anyèl la gen ladann tou yon egzamen konplè eta sante w ansanm ak edikasyon ak oryantasyon osijè sèvis prevansyon ou bezwen yo, tankou sèten depistaj ak vaksen ansanm ak referans pou w kapab jwenn lòt kalite swen tou.

K : Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » ?

R : Rele nan 1-800-MEDICARE (Malantandan : 1-877-486-2048) pou w kapab jwenn plis enfòmasyon osijè vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare ». Si w bezwen asistans nan yon lang ki pa Angle oswa Panyòl, pale di « Ajan » pou w kapab pale avèk yon reprezantan sèvis kliyantèl.